Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къэрал щIыб зэпыщIэныгъэхэмкIэ и къэрал комитетым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

«Урысей Федерацэм и субъектэм я къэрал властым и законодательнэ (лIыкIуэ), гъэзэщIакIуэ органхэм я къызэгъэпэщыкIэ хабзэхэу псом я дежкIи зэхуэдэхэм я Iуэхуэкlэ» Федеральнэ закон №184-ФЗ-м 1999 гъэм жэпуэгъуэм и 6-м къыщтам, и 17-нэ статьям и 4-нэ пунктым икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «б» пунктым япкъ иткIэ **унафэ щIы:**

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэрал щIыб зэпыщIэныгъэхэмкIэ и къэрал комитет къызэрэзэпэщыжащ.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм мазэ пIащIэ кIуибыдэу:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэрал щIыб зэпыщIэныгъэхэмкIэ и къэрал комитетым теухуа Положенэр къыщтэн;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэрал щIыб зэпыщIэныгъэхэмкIэ и къэрал комитетым и лэжьакIуэхэр нэхъыбэ дыдэу зэрыхъумрэ лэжьапщIэ фондымрэ къыщтэн;

мы Указыр гъэзэщIэным пыщIа финанс, къызэгъэпэщыныгъэ, нэгъуэщI Iуэхугъуэхэр зэфIэгъэкIыныр къызэрыгэпэщын;

и актэр мы Указым еэзгъ ищIын хуейщ.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщIакIуэ органхэм я зэхэлъыкIэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщIакIуэ органхэм я зэхэлъыкIэм и Iуэхуэкlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2006 гъэм мэкъуауэгъуэм и 28-м кьыдигъэкIа Указ №66-УП-мкIэ къащтам, зэхьуэкIныныгъэ хэлъхьэн, 3-нэ пунктым «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къэрал щIыб зэпыщIэныгъэхэмкIэ и къэрал комитет» псалъэхэр хэгъэхьауэ.

4. Мы Указым къару егъуэт ар официальнэу къыщытрадза мафхэм щыщIэдзауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2007 гъэм гъатхэпэм и 24-м
№13-УП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Унафэ

2007 гъэм гъатхэпэм и 24-м *№16-РП*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхубэ усакIуэ Кулиев Къ.Ш. хэку литературэм зегъэужьыным хущIа хэлъхьэныгъэ иныр къэлъытагъэ икIи ар къызэралъхурэ 2007 гъэм щрКIуэгъуэм илъэс 90 зэрырикъум къыхэхIыу:

1. Кулиев Къ.Ш. къызэралъхурэ илъэс 90 зэрырикъум зыхуэгъэхьэзырыныжмкIэ икIи абы теухуа Iуэхугъуэхэр егъэкIуэкIыныжкIэ комиссэ къызэрэзэпэщи (аджкIэ - Комиссэ) икIи мы унафэм и гуэдзэным ипкъ иткIэ абы хыхьэхэр къэщтэн.

2. Комиссэм (Бечелов И.Б.) 2007 гъэм мэлыжьыхьым и 10-м щIэщIэ зэхилъхьэн икIи къыхилъхьэн хуейщ Кулиев Къ.Ш. къызэралъхурэ илъэс 90 зэрырикъум теухуа Iуэхугъуэхэр гъэхьэзырыным икIи егъэкIуэкIыным я план.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и органхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыпIэ самоуправленэм и органхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм чэнджэщ етын Кулиев Къ.Ш. къызэралъхурэ илъэс 90 зэрырикъум теухуа Iуэхугъуэхэр зыгъэхьэзырыну икIи езыгъэкIуэкIыну комиссэм щIэгъэкъуэн хуэхьуну.

4. Мы унафэм къару егъуэт абы Iэ щыщIэдза махуэм щегъэжьауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2007 гъэм гъатхэпэм и 24-м щIа Унафэ №16-РП-мкIэ къащтащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхубэ усакIуэ Кулиев Къ.Ш. къызэралъхурэ илъэс 90 зэрырикъум теухуа Iуэхугъуэхэр зыгъэхьэзырыну икIи езыгъэкIуэкIыну комиссэм хэтхэр

Бечелов И.Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ Iыр *(Комиссэм и унафэщIщ, зэгурыIуауэ)*

Тут З.Н. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмрэ зэпэщIа ГъэнатIэхэмкIэ и министрыр (*Комиссэм и унафэщIым и къуэдзэщ, зэгурыIуауэ)*

Федченко Л.М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэр *(Комиссэм и унафэщIым и къуэдзэщ, зэгурыIуауэ)*

Гуртуев С.С. - «Минги-Тау» журналым и редакцэ» къэрал Iуэхущ1апIэм усыгъэмрэ публицистикмкIэ и къудамэм и редакторыр *(зэгурыIуауэ)*

Дэхъушокъуэ М.И. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм, ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей Академиемк Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрым гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и унафэщIым и къуэдзэр

КъуэIуфэ Хь.Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ТхахIуэхэм я союзым и правленэм и тхьмадэм и къуэдзэр *(зэгурыIуауэ)*

Кулиев И.Хь. - Шэджэм Ипщэ къуажэм и Iэтащхьэр *(зэгурыIуауэ)*

Кулиев Ф.А. - Кулиев Къ.Ш. и цIэр зезыхь унэ-музейуэ Шэджэм къалэм дэтым и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Кулиевэ Э.Э. - «Кулиев Къайсын и цIэр зезыхь Балъкъэр къэрал драмэ театр» къэрал Iуэхущ1апIэм литературэмкIэ и къудамэм и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Мамбэт М.Хь. - Шэджэм муниципальнэ районым и администрацэм и Iэтащхьэр *(зэгурыIуауэ)*

Созаев А.С. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ТхахIуэхэм я союзым и правленэм и тхьэмадэр *(зэгурыIуауэ)*

Тхьэгъэзит Ю.М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и чэнджэщIагъэр

Эфендиев С.И. - щIэныгъэ нэхъыщIэхъ щрагъэгъуэт «Бэрбэч Хь.М. и цIэр зезыхь» Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» Iуэхущ1апIэм философиемкIэ и кафедрэм и профессорыр *(зэгурыIуауэ)*.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПШКIУ

АДЫГЭ ЛЫ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЫАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№60 (20.968) ● 2007 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 29, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр сому 3-щ ●
adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

●ЗэIущIэхэр

Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

Щалъэ пыухыкIахэм тращIыхь

Ди газетым зэрытетащ. Налшык дэт Къэрал концерт гъэтхэгъуэпIэм гъатхэпэм и 23-м щыIэхэр ташI Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм игъуэтыну стратегие зыужьынырыгъэм тещIыхьа тхыль (документ) нэ хъыщхьэхэм - проектхэм я презентацэхэр.

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1 **Ярин Андрей** абы теухуа зэIущIэр кьыдэIуиха нэхъ, зэ хуэсахэм пэрдIу псалъэкIэ захуигъэзащ1 республикэм и Президент **Кьанокъуэ Арсен**.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и лIыщхьэм кьиГъэпсэгъуащ1 кьыхатхъа проектхэр лъэныкъуэ куэдхэмкIэ зэрызэпашIэчаг, ахэр пхыгъэкьыным ди дежкIэ мыхьэнэ ин дыдэ зэрихьэр.

КъБР-м и Президентым зэрыжиIамкIэ, финанс дэIэпыкъунытгъэу кьытхуауэтIыпщым иужьрей илъэсэ 2-м хэпщIыкIыу хэ хъуащ.

-Сэ кьыдэзрысгъльытэмкIэ, нобэ щыгъыкIэ хъарзынэ кьытхуэльыкъуэкIащ республикэм и экономикэм псынщIэу икIи зэпIэзэрыту зиужьынымкIэ. Ар и фIыщIэщ хэщIэкмкIэ къалэн зыщыгъщIыжаxэр хабзэ пыухыкIам тету зэрызэдгъэхъуIэм, япэ игъэщIапхъэу къэ тлъытэкIэр кууэ, арэзы дыкьыщIу зэрызэпкьрытхьэм. Дэ дыкъущIокъу Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъэм кьыхуауэтIыпщ дэтхэнэ сомри зэрытхъумэным, зыхэтхъхапхъэм зэрыдгъэкIуэным.

ДыхьэрызэгурыIуам тету проектхэр ягъэхъэзыращ сыт и пэныкьуэкIи ди дежкьыщIезэгъыу. Гъэм зэрыщIидзэрэ мурад пыухыкIам тещIыхьа ахъшэу сом мелардитIым нэблагъэ кьытхуаутIыпщащ. Ар зэгъэзэхуауэ, фейдэ пыIуу и пIалъэм кьыхэрыдгъсабэпыным дыхущIэкъун хуейщ», - кьыхигъэщащ Къанокъуэ Арсен.

(КIэухыр 2-нэ пап.).

«2007 - 2011 гъэхэм ветеранхэм, нокъуэдыкъуэхэм, зи ныбжь хэкIуэта цIыхухэм защIэгъэкъуэн» республикэ программэ хэхар къэщтэным и Iуэхуэкlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ щIы:**

1. «2007 - 2011 гъэхэм ветеранхэм, нокъуэдыкъуэхэм, зи ныбжь хэкIуэта цIыхухэм защIэгъэкъуэн» республикэ программэ хэхар къэщтэным и Iуэхуэкlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законыр къэщтэн.

2. А законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и деж егъэхьын Iэ щIидзын икIи цIыхухэр щыгъуазэ ищIын папщIэ.

3. Мы унафэм къару егъуэт ар къыщащта махуэм щыщIэдзауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1 БЕЧЕЛОВ Ильяс

Налшык къалэ
2007 гъэм мазаем и 15-м
№1045-П-П

«2007 - 2011 гъэхэм ветеранхэм, нокъуэдыкъуэхэм, зи ныбжь хэкIуэта цIыхухэм защIэгъэкъуэн» республикэ программэ хэхар къэщтэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым 2007 гъэм мазаем и 15-м кьыщтащ

Статья 1.«2007 - 2011 гъэхэм ветеранхэм, нокъуэдыкъуэхэм, зи ныбжь хэкIуэта цIыхухэм защIэгъэкъуэн» республикэ программэ хэхар къэщтэн.

Статья 2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2007 - 2011 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законэм я проектхэр щIэзэхилъхьэжкIэ, абы кьыщигъэлъэтэуэн хуейщ «2007 - 2011 гъэхэм ветеранхэм, нокъуэдыкъуэхэм, зи ныбжь хэкIуэта цIыхухэм защIэгъэкъуэн» республикэ программэ хэхар гъэзэщIэн щхьэкIэ зыхуей мылтыкр.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2007 гъэм гъатхэпэм и 24-м
№19-РЗ

Дзыхьыр зыхуэдизыр

● Нобэ

Гъатхэпэм и 29 - 30-хэм Налшык къалэм щекIуэкIыну Урысей Федерацэм и Жылагъуэ палатэм коммуникацэхэмкIэ, информацэ политикэмкIэ, цIыхубэ хъыбарегъащIэ Iуэхущ1апIэхэм хуитынырыгъэ пIэныжмкIэ и комиссэм Ипщэ федеральнэ округым и цIыхубэ хъыбарегъащIэ Iуэхущ1апIэхэр хэту къызэрыгъэпэщ жылагъуэ едэIэныгъэхэр. Ар теухуауэ щытынущ «ЦIыхубэ хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэр, граждан жылагъуэм и Iуэхущ1апIэу щытхэр, ящасым зэрыныщIам, абыхэм я хуитынырыгъэхэмрэ къабгъэдэхуэ жэуапIныгъэмрэ».

ЖУРНАЛИСТХЭМ я пащхьэм къыщыпсэльэнущ УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Ипщэ Федеральнэ округым щыIэ **Козак Дмитрий**, КъБР-м и Президент**Кьанокъуэ Гусев Павел, Сванидзе Николай**, нэгъуэщIхэри.

Жылагъуэ Iуэху еплыкIэр джы-нымкIэ урысейпсо центрым и генеральнэ директор **Федоров Валерий** зэIущIэм хэтхэр щыгъуазэ ищIынущ «Урысейм и цIыхубэ хъыбарегъащIэ Iуэхущ1апIэхэм хуащI дзыхьыр зыхуэдизыр» Iуэхум теухуауэ ирагъэкIуэкIа къэпщIэныгъэхэм кьарикIуэхэм.

Лэжьыгъэ зэфIэкIа нэужь, Къэбэрдей-Балъкъэрым кьэкIуэ хьэщIэхэм Налшык къалэр зрагъэпсалъагъунущ, Льэпкъ музейм еплъынущ.

ХЬЭПЭ Маринэ.

Китайм и илъэс

Москва къыщыщIэуахащ Китайм и илъэс.

Абы еГъэщIалIа Iуэхуэхэм хэтын папщIэ УФ-м и щыхьэрым къэкIуащ КНР-м и унафэщI Цзиньтао Ху. Абыр Урысейм и Президент Путин Владимиррэ Iуэху зэмылIэужьыгъуэхэм тепсэльыхьащ. Пуми жаIащ къэралитIыр зэрыязэдэлажьэм хуабжьу зарагъэжьыну зэрамурадыр. Путин Владимир къыхигъэщхьэхукIащ УФ-мрэ КНР-мрэ зэдащI сатум зэман гъунэгъум хуэди 2-3-кIэ хагъэхъуэну Iэмал псори зэрыщIэр. КъэралитIым я лIыщхьэхэр Китай выставкэм щыIащ. Цзиньтао Ху апхуэдэу кIуащ китайбзэр кууэу щрагъэдж еджапIэм икIи ныбжьыщIэхэм я пащхьэм урок зэIуха щригъэкIуэкIащ.

Я унафэщIым къызэригъэпэщри…

Филиппинхэм тельыджэ къыщыхъуащ. Мыбы бзаджащIэхэм щыубыдащ сабий 32-рэ зэрыс автобусыр.

Ахэр Iэщ1экIэ зэщIэузэдат. Ауэ тельыджэр сабийхэр зыубыдахэм ахэр щащI лучи и унафэщIым зэрахэтарщ. Полицэм къехьулIащ абыхэм зыпащIэн. КъызэрыщIэкIамкIэ, унафэщIым кьиГъэувыт - сыр - сыр зи Iэтащхьэ Iуэхущ1апIэм щаIыгъ сабий 145-м я пэкIэр зэрэфIэкIэуныр. Властхэм къагъэгугъащ абы жиIэхэр хуащIэну. Сабийхэр хуит хъужащ.

Мылькушхуэ хухах

УФ-м и яп вице-премьер Медведев Дмитрий иригъэкIуэкIа зэIущIэм щытепсэлъыхьащ сабий зыпI цIыхухэм я узыщIатъэр егъэфIэкIуэным и Iуэхум.

Я бынхэр я гъуэзу ахэр зыщIагъэгъуэльхьэну сымаджэщхэр зыкъомкIэ нэхьыбэ ящIынущ. Мы Iуэхум мылькушхуэ хухах хилъхьащ.

Апхуэдэу Медведев Дмитрий къиIэтащ Урысейм и гъуэгуэгъэ хуабжьу егуГуу зэрагъэпщIыжьыр, щIэхэр ухуэн зэрыхуейм пыща Iуэхуэкlэр. Араш гъуэгум къышIухьу бэлътIэIуэхэр нэхьыбэу къызыхьэкIыр. УФ-м и Правительствэм и Унафэщым и яп къуэдзэм къызэрылъытэмкIэ, гъуэгуэгъэ ямыГъэтэмэкъу мыпхуэдэ нэщIэбжьэ лIэужьыкIыгъуэм упэщIэтыфынукъым. Уеблэмэ, сбэи хъунукъым гъуэгуэгъэм зэрыщызекIуэ хабзэхэр къызэпысэудэм тралъхьэ тезырир зэрихъагъэхъуари, къыхигъэщхьэхукIащ Медведев Дмитрий.

Езым и щхьэ унафэ щIэтыжу

Дыгъуасэ Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и Академием и уставыщIэ къащтащ. Абы и тельхьэу Iэ яIэтащ, зы фIэкIа къмыщIу, псоми.

Академием и уставым кьыщигъэзэгъащ, къэралым ейуэ щытми, а Iуэхущ1апIэр нэгъуэщIым и унафэ щIэмылтыныр. Абы и Iуэхуэхэр езым зэрригъэкIуэжьи хуейщ. Зи гугъу тщIы гъхьлъыр хуабжьу къыщIхьщокI Правительствэм нубзыхуам. Дауи, нужьрейр хущIэкъунущ а уставым гъэзгу иримыгъэгъуэтыным. Ауэ академикэмэ я мурадкъым кьикIуэтыну.

ПIалъэр нэхъ зрагъащIэми

УФ-м ЗыхъумэжьныгъэмкIэ и министерствэм и къудамэм и унафэщI генерал-полковник Смирнов Василий и псалъэхэм тещIыхьымэ, дзэм ираджэхэм кьулыкъу зрагъащIэну пIалъэр зэрагъащIэм кьикIыркъым абы щыгъекIуэ зэхэхъажьныгъэ гъэкIуэдыным теухуа бзэныгъэм кIэ ирагъуэту.

Нэхъ пасэу ираджэхэмрэ нужькIэ Iэщ ящхьэмрэ я зэхущытыкIэхэр гъэтэмэныным, ахэр хабзэм езыгъэгъуэ щытыным дяпкIи ди нэIэ ткIийуэ тедгъэтынущ, жиIащ генералым.

(ИТАР-ТАСС).

НОБЭ

♦ **Дзэм къулыкъу щIэныгIэ юристым и махуэщ.** УФ-м и Президентым 2006 гъэм ащкIыгъэм и 31-м щыдигъэкIа указым ипкъ иткIэ ягъэуващ.

♦ Гъатхэпэм и 29 - мэлыжьыхьым и 2-хэм Аддис-Абебэ (Эфиопие) щекIуэкIынущ ООН-м Африкэм папщIэ и экономикэ комиссэм хэт къэралхэм финансхэмкIэ я министрхэм я конференц.

♦ 2006 гъэм УФ-м и авиакомпание нэхъыфIу кьалытатэм Москва щратынущ «Урысейм и дамэхэр» льэпкъ саугъэтыр.

♦ Гъатхэпэм и 29 - мэлыжьыхьым и 9-хэм Амстердам (Нидерландэр) щекIуэкIынущ Дунейпсо автомобиль выставкэ.

♦ Илъэс 95-рэ и пэкIэ (1912) кьалъхуащ совет тIасхъэщIэх-щэхурыплажьэ, къэрал щынагъэуэнщагъэ Iэнатlэм щIыхь зиIэ и пэжьыкIуэ, подполковник Мукасей Евгений.

♦ Илъэс 55-рэ и пэкIэ (1952) кьалъхуащ Кубэм щыщ боксер щIэрыIуэ, щрнейр Олимп чемпион (1972, 1976, 1980), щэнейрэ дунейпсо чемпион хьуа Стивенсон Теофило.

♦ **Дыгъэр къыщIэкIащ сыхьэт 7-рэ дакьикъ 52-м, кьухьэжынущ сыхьэт 19-рэ дакьикъ 32-м.**

♦ **Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэт 12-рэ дакьикъ 40-рэ.**

Планэтэр зыхьхьэурар **ШАЛ Мухьэмэд.**

ЗыуэзщIынигъэм и гъуэгукIэ

● Илъэс 50

Дыгъуасэ Къэбэрдей-Балъкъэрым Iэтащ щагъэлъэпIащ балькъэр льэпкъым и къэралыгъэгъэ зэрыщэфIуэвэжрэ илъэс 50 зэрырикъур. Зы жылагъуэ къэнакъым а махуэм тыгъэ хуимыщIауэ. Пасэу щIадзэри, Щэнхабзэмкlэ унэхэм, библиотекэхэм, музейхэм, еджапIэхэм щыхуэзэ зэхьыщIалIэ, нэхъ нэхъ гъунэгъу зэхуэдэщI, зэныбжьэгъугъэр, зэкъуэшыгъэр, зэрэпэжныгъэр, псомя ящхьэж мамырыгъэр зыгъэбыдэ Iуэхугъуэхэр щрагъэкIуэкIащ. Абыхэм кьыдэщIрагъэубыдащ балькъэр льэпкъым и блэкIари, и нобэрей псэукIэри. Ахэр тхыгъэкIэ, сурэткIэ кьагъэнэIуащ, уэрэдхэмрэ хьыбархэмкIэ кьаIуэтащ.

ЗЭМАНЫФI дэкIащ ди къуэшхэм я льахэм кьыдэрагъэзэжрэ, псы Iэджи екIэжащ. Арами, 1944 гъэм я гъатхэпэ мазэм абыхэм кьатесльахауэ щыта гуауэр, кьатехьа лейр ноби дыркьуэ бзаджэу льэпкъым тельщ.

Илъэс куэдкIэ дэ кьытедгъэзэжурэ и гуГу тщIащ ахэр зыхэта бэлыхьым. Иджы Iуэхум зихьужкащ.

Щыгъуэ кIыхьыр фIыкьым. Абы зэтреIыгъэ сыт хуэдэ зыужьныныгъэр. Аращ унафэкIэ зэрыщIагъэбыдам тету балькъэр льэпкъым и кьэщIэрэщIэжьныгъэм и махуэр илъэс къэс гъатхэпэм и 28-м щIэдгъэльапIэр. Гъэ блэкIахэм хуэдэу, дыгъуасэ псори зыхуэхъуэхуар ди кьуэщхэм я зыужьныныгъэмрэ зыуэзщIынигъэмрэщ.

Балькъэр льэпкъым и кьэщIэрэщIэжьныгъэм и махуэм теухуауэ гъатхэпэм и 27-м Налшык дэт МУзыкэмкIэ театрым щрагъэкIуэкIа гуфIэгъуэ зэIущIэм хэтащ республикэм и унафэщIхэр, депутатхэр, Правительствэм щыщхэр, щIэныгъэлIхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, районэмрэ кьуажэхэмрэ я лIыкIуэхэр, еджапIэ щIалIэгъуэлъэр.

КъБР-м и Президентым и Администрацэм иУнафэщIКъэжэр Альберт абы кьыщеджащ балькъэр льэпкъым и кьэщIэрэщIэжьныгъэм и махуэм ирихьэлIэу республикэм и лIыщхьэм Зэрызэхуигъэзэм.

«Дэ дригушхуэу кьыдогъэльагъуэ балькъэр льэпкъым и адэжь щыIнальэм кьызэригъэзэжрэ блэкIа зэманым кьыриубыдэу экономикэ, политикэ, социальнэ, щэнхабзэ Iэнатlэхэм ехьулIэныгъэ ихэр кьыззэрыщирхэр. Нобэ абы и куэдщ яхуэфэщэн щIэныгъэрэ акъылрэ зыбгъэдэлъ щIыхуэхэр иифI Къэбэрдей-Балькъэрым и льэпкъхэм я унагъуэ зэкъуэтым хэту тегушхуэу я гъащIэщIэ ехуэхь. Балькъэр льэпкъым, республикэм щыпсэу льэпкъ псомя си гуэрэ си псэмэ я кьабгъэдэкIыу маухэщIэмкIэ сохъуэхь у дэтхэнэмэ мамырыгъэ, насып, ефIэкIуэныгъэ иIэну си гуапэщ», - щыжиIэ абы.

Залымыгъэ щызэрахьа льэхэсхэм ди кьуэщхэм я нэту щIэжаxэмрэ абыхэм нобэ яГъуэта зыужьныныгъэмрэ теухуауэ гуфIэгъуэ зэхьихьэм кьыщыпсэльащ

КъБР-м и Парламентым и ТхьэмадэБечелов Ильяс.

«1956 - 1959 гъэхэм балькъэр унагъуэу мини 10-рэ 500-м щIигъуэм кьызэщIэкIащ. Шэчх эмылту, Iу эхур гугъут. Псом я эмыдэу зэпэ ильэсыр хьэпъэт: псэупIэхэр яхурикъуртэкIым, кьуажэ я куэдыр зэхэжьтат. Урысей Федерацэмрэ Къэбэр дей-Балькъэрымрэ я пар т сове тIуэхущIапIэхэр зэрегугъуам, ди кьуэш адыгэхэр, урысхэр, нэгъуэщI льэпкъхэм ящыщу республикэм щыгъэхэр фIыуэ кьызэрыгъэщытам, кьызэрыддэIэпыкъуам и фIыщIэкIэ гугъуехьэхэр кьызэдэжкIащ. Ти льэхэ кьэзыгъэзэжа балькъэрхэр кьэщIэрэщIэжьныгъэм и гъэгум псынщIэу теуващ. Хей ящIыжу кьызэрыкIуэжрэ блэкIа ильэсхэм абыхэм кьахэкIащ еджагъэшхуэхэр, политикэ лэжьакIуэхэр, тхакIуэ, артист щIэрыIуэхэр, льэпкъым и пщIэмрэ и щIыхьымрэ къэзыIэта цIыху гуащIафIэхэр.

Мы гъэм дэ дгъэльэпIэнущ Къэбэрдей-Балькъэрыр Урысейм зэрыкьыхэрэ илъэс 450-рэ зэрырикъур. Ар экономикэм, псэукIэм, щэнхабзэм зауужьныныкIэ IуэхугъуэфIу кьызэлъытгъэ, - жиIащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщым.

Балькъэр льэпкъым и кьэщIэрэщIэжьныгъэм и махуэм теухуауэ кьызэрагъэпэща Iуэхугъуэхэр куэд дмэхьу. Апхуэдэщ «Къэщ1эрэщ1эжьныгъэм и пльафэхэр» зыIфащэ ягъэIэпхъуэ выставкэр, УФ-м щIыхь зиIэ и артистэ Тауконовэ Галинэ и творческэ пшыхьыр, Льэпкъ библиотекэм щагъэуэ тхыль-иллюстрацэ выставкэр, «Жьэгупащхьэм кьагъэзэзэ» жьыхуиIэ зыкьэгъэльэгъуэныгъэр, «Дэ зэкъуэшыныгъэкIэ дыльэщщ» фIэщыгъэцIэр кIэу Абхазыем и цIэр зезыхьэ утым щекIуэжа гуфIэгъуэ зэхьихьэр, нэгъэщIхэри.

Екly у, дахэу, гукъинэжрэ щIыхуэм я гуокьыдэжыр кьиГэту щекIуэжащ дыгъуасэрей Iуэхугъуэхэр республикэм и щIыпIэ псомэ. Ахэр зыхуэгъэзар зыт: мамырыгъэрт, зэжьу эшыныгъэрт, зэкъ уэтыныгъэрт, ильэс 50 и пэкIэ зи къаралгъуэр зыгъэуэтыжа льэпкъым, ди кьуэш балькъэрхэм я зыужьныныгъэрт.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

Сурэтхэр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

Псыдзэм и Iэужьхэр ягъэкIуэдыж

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. *Урысей Федерацэм Къыззрымыкlуэ къэхъуакIащIэхэм ялэщIэтныныкIэ и министерствэм УФ-м и Правительствэм зыхуицъэзащ абы и ахъшэ зэлъпыльыбгъэм (резерв фондым) къыхэкIыу сом мелуан 65,6-рэ КъШР-м хуатIупщыну.*

УРЫСЕЙ Федерацэм и Правительствэм и пресс-Iуэхущ1апIэм къызэритамкIэ, федералдэIэпыкъунытгъэм Къэрэшей-Шэрджэсыр хуэныкъуэщ 2006 гъэм республикэм къыщешхуэ уэшхыщхуэмрэ абы кьиша псыдзэмрэ жылагъуэхэм, псэупIэ-коммунальнэ Iуэхущ1апIэхэм, социальнэ хуэныкъуэхэм къыхуахьа насыпныщагъэхэр ягъэкIуэдыкьым щхьэкIэ. Абы нэмыщIкIэ, а ахъшэм щыщу сом мини 192-р пособиеу унагъуэ зыбжанэм трагуэшэнщ.

Я къарур къапщытэ

АБХЪАЗ. *Республикэм Зыхъумэжьныгъэмкlэ и министерствэм, Къэрал Щынагъуэщагъэмкlэ и къулыкъум, МВД-м зэгъусэу тIасхъэщIэх къэпщытэныгъэ-еджэныгъэхэр щокIуэкI.*

АБХЪАЗЫМ ЗыхъумэжьныгъэмкIэ и министерствэм и штаб нэхъыщхьэм и унафэщI Зайцев Анатолий журналистхэм иджыблагъэ зэрэжриIамкIэ, еджэныгъэхэм я къалэн нэхъыщхьэу щытыр зыгъэнэIэ щIыналъэм бий къытеуэ хьужыкIыгъэмэ, республикэм и къарур здынэсыр къипщытэнырщ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Щалъэ пыухыкІахэм тращІыхь

(КІэухыр. ПэщІдзэр 1-нэ нап.).

Абы зэрыжиІамкІэ, иджыпсту зэуІуу ирагъэкІуэкІ ухуэныгъэщІэхэм хэдиз нужьрей илъэс 15-м кърибыдзу республикэм щыІакъым. Президентыр къытеувыІащ Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысеймэ зэрыгукъэра илъэс 450-рэ щрихьыным ирихьэлІэу зэфІагъэкІыну я мурадхэм, республикэм и зыужьныгъэм мыпхъу къыхегъэлъхьэным теухуауэ щыІэ хэкІыпІэхэм, федерал властым и органхэм ядгрнгъэкІуэкІа зэпсэльэныгъэхэм кърикІуахэм, иджыблагъэ Баннхэм щагъэува выставкэ-гъэлъэгъуэныгъэр къызэрыщыхьуам, нэгъуэщІ Іуэхуэсми.

«Мылъкушхуэ зыбгъэдэлъ инвестоторэр кьыдэтхьэхыну дыхуейми, сыт и гъэныкъуэкІи къыдихьэжьыру щытыпхъэщІ», - кІыгъэлъэгъуащ Кьанокъуэ Арсен.

«Кавказ Ищхьэрэм щыяпэу зыужьныгьэм и стратегиемрэ и программэмрэ инвестоторэм я пащхь иЗыпхъкІыар Къэбэрдей-Балъкъэрырщ. «КъБР-м и стратегие»-м кууэ щызэпкърахащ республикэм экономикэ и гъэныкъуэкІэ зригъэхъулІэфыныхэр зыхуэдэр, апхуэдэу мы ЗэмАн гъэныгъуэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэмрэ зи Іуэху зезыхьэк (щхьэзакъуэ, уней) инвесторхэмрэ я кьаурр зыхуэщІагъэуІуэну бизнес проект пыухыкІахэмрэ. Иджы япэу трагъэщІащ экономикэм и Іуэрытхэм, абыхэм дуней псом щагъуэтыну зыужьныныгъэм, хьэпшыпхэм, Іэжутхьэбзэхэм фи дежи, нэгъэущІ щыпІэхэми щІэзупщІэм.

«КъБР-м и стратегие» жьыхуэтІэр ягъэхьэзыращ инвестицэ хэмрэ финансхэмкІэ Іэщ1агъэлІ Іэзэ ддэхэм. Языныкъуэ бизнес проектхэр гъэзэщІынымкІэ хэтыну хозэзыщ «РИАЛ» концерныр, «Хладокомбинат МИТ» ООО-р, «Навтоп» ОАО-р, «ГидроОгк», «Sochem» компаниехэр, нэгъэущІхэри», - жиІащ ЮФО-м инвестицэхэмрэ зыужьныгъэхэмкІэ и Агентствэ» ПП-м и унафэщІ, инвестицэхэмрэ зыужьныгъэхэмкІэ Іъэпкъ Ассоциацэм и правленэм и Іэтащхьэ **Вдовин Игорь.** Абы кьызэрригъэльэгъуамкІэ, щхьэусыгъуэ зэхуэмыдэхэм кьыхэкІыу Къэбэрдей-Балъкъэрым и экономикэр щытыкІэ гугъум кьихутащ. КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ жьыджру яужь итщ япэрей унафэщІхэм яІэщІэкІа щыуагъэхэр гъэкІуэдыжьым, щытыкІэм зегъэхъуэжьым. Араш зытещІыхьар «Стратегие, социально-экономикэ зыужьныгъэхэм я Программэхэр, щыпкъэ ухуэкІэм и Схемэрзыфіаца тхьалъ (документ) нэхъыщхьэ зэгъэуІуар. Кавказ Ищхьэрэм и республикэхэм дзэ кьаджащ, зэрыурысейуэ апхуэдэ Іэмалым япэу щытегушхуар Къэбэрдей-Балъкъэрырщ.

«Мазэ бжьыгъэ нэхъ дэмыкІыу Урысеймэ и Ипщэ пЪэнькъуэм и зыужьныныгъэм телэжьэну фондхэр кьызэрагъэпэщынущ. Абыхэм я кьалэн нэхъыщхьэу щытынур Іэнатіэ, щыналъэ мыхьэнэ зиІэ проектхэр гъэзэщІа хьун папщІэ зыхуеину мылъкур кьыхегъэлъхьэныкІэ бизнесым дэІэпыкъуныращ. Фондхэм якъуэувнущ «Внешэкономбанк», «Внешторгбанк», «Банк Уралсиб», «МДМ-Банк» ОАО-хэр, нэгъуэщІхэри.

Къашта концепцэм ипкъ иткІэ, пай инвестицэ фонд зэхуэщІауэ 3 кьызэрагъэпэщынущ. Ахэр илъэси 10 пІалъэм тещІыхьащ, псори зэхэту абыхэм хухахьнщ доллар мелуан 600-м нэблагъэ. Фондхэм я мылъкухэм я нэхъыбэр Кавказ Ищхьэрэм и республикэхэм щагъэзащІэ инвестицэ проектхэм хальхьэнущ», - кьыхигъащ къэпсалъэм.

АдэкІэ Бдовин Игорь кьыгтеувыІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым зиуэщІыныр кьызэзыгъэпэщыну кІиІьытэ инвестицэ проектхэм, абы папщІэ ди щыналъэм инвестицэхэмрэ зыужьныныгъэхэмкІэ Агентствэм и профессионал кьудамэ кьыщыдзэІухьын зэрыхуейм.

«Республикэм и машІэщ кьыхэтІыхьа проектхэр Іуэхум ухэльхьэзырыным, Іэнатіэ инхэм щыпхьІэхьэкІыным хуэІэижь Іэщ1агъэлІхэр. ЭкономикэмкІэ шкІ нэхьыщхьэхэм ахэр щытхуегъэджэнущ», - жиІащ хьэщІэм.

Иужьк1э псалъэ иратащ «Стратегикэ» компанием и кьызэгъэпэщакІуэ **Индрисов Александр**. Сценэм щагъэува стенд-гъэлъэгъуапІэр кьигъэсбэпуэр, абы щхьэхуэщхьэ хуэу зэрыкърихащ «2022 гъэ пщІондэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и зыужьныныгъэм и унэтІыныгъэ нэхъыщхьэхэр» жьыхуІэ проектым щыубзыхуахэр.

Къэпсэльэм кьызэрригъэлъэгъуамкІэ, илъэс блэкІам республикэм ехъулІэныгъэ пыухыкІахэр иІащ. Кьапщтэмэ, промышленностым зэрызэужьым хэпщІыкІыу хохьуэ. А зэхъуэкІыныгъэхэр щыхьэ тохъуэ экономикэр кьэЗэтыныкІэ Іэмалыфіхэр зэрыщыІэм. Кьэкіуэну илъэс 15-м Къэбэрдей-Балъкъэрым и властым и кьаурр нрихьэлІэнущ экономикэ Іуэхухэр щІэм тету, фейдэ пылъу унэтІыным. Ику ит мазэ улахуэр сом мин 16-м, щІыпІэ бюджетыр езым и хэхъуэхэмкІэ кьызэрызэрагъэпэщыр процент 65-м нагъэсыну я мурадщ.

Проектхэм я унэтІныгъэ нэхъыщхьэхэм хохьэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и гидроэнергетикэ лъэщагъым хэгъэхъуэныр, мэл лъапкъыфІхэр гъэхъуныр, гъэсыныпхъэ спирт кьыщІэгъэкІыныр, рапсым елэжь Іэнатіэхэр кьызэлъхьныр, фармацевт, парафармат препаратхэр гъэхъэзырыныр, республикэм туризмэм зыщегъэужьныр, волыфрарэ мелибденрэ кьыщІэхьныр зэтеублэ жьныр, щыдагъэ къэлтыхьхэныр, нэгъэущІ куэди. Ахэр кластеру 3-м - «Узынщагъэ», «Агропромышленнэ комплекс», «Щыуэпсэр кьыщІэхьныкъорэ абыхэм елэжьныныр» жьыхуІэхэм - кьызэщІрагъэубыдэнущ.

«2007 - 2011 гъэхэм кьрибыдзу Къэбэрдей-Балъкъэрым иГуэтыну социальнэ-экономикэ зыужьныныгъэм и Программэхэр» зэрагъэхьэзырым, «КъБР-м и щыналъэ ухуэкІэм и Схемэм» и тхылъхэмрэ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и инвестицэ паспортым» теухуа хьыбархэр зэрызэхуахьэс Іэмалымрэ зэрызэ хатхъэхэм ехьэлІауэ зэІущІэм кьыщыпсэльащ ЮФО-м инвестицэхэмрэ зыужьныныгъэхэмкІэ и Агентствэм и унафэщІым и кІуэдзэ **Борисовэ Наталье**, «Гипрогор» ФГУП-м щІыналъэ ухуэкІэмкІэ и кьудамэм и нэхъыжь **Гозман Лев**, «Инвестицэ ІэрыпъхьэхэмкІэ институт» фондым и вице-президент **Меликян Оганес** сымэ.

ЗэІуцІэм хэтащ УФ-м и Къэрал Думэм и Бюджет комитетым и унафэщІ **Васильев Юрий**, республикэм и Парламентым и Тхьэмадэ **Бечелов Ильяс**, КъБР-м и Президентым и Администрацэм и Іэтащхьэ **Къажэр Альберт**, Правительствэм щыщхэр, министрэхэр, депутатхэр, кьалэ, район администрацэхэм я унафэщІхэр, абыхэм я кІуэдзэхэр, нэгъэущІ кьулыкъущІэхэр.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.



Борисовэ Наталье и псалъэ.

Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

Іуэрыуатэмрэ этнографиемрэ я махуэшхуэ

● Дзэлыкъуэ куей

Илъэс куэд льандэр Дзэлыкъуэ куейм кьыщокІуэкІ хабзэ дахэ: гъатхэр кьыщишхьэм, щІалэгъуалэр зэхуос, я нэгу зрагъэужь, щхьэж и зэфІэкІ утыку кьрехь.

МЫ РАЙОНЫМ кьыдогъуэгурыкІуэ хабзэ хьэлэмэтыщэхэр икІи ахэр хьуэмэным дэтхэнэ зы унагъуэри хущІокъу. Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысеймэ зэрыгухьэрэ илъэс 450-рэ зэрырикъум ирихьэлІэу Іуэрыуатэмрэ этнографиемрэ иращІэкІа махуэшхуэм кьызэщІиубыдащ адыгэ лъэпкъ тхыдэм и лъэныкъуэ кІэд: «Кьалэмым и кьаурр», «Іуэрыуатэ», «Адыгэ щхьныгъуэхэр», «Іэщ1ащІэльащІагъэ», «Щыхуфэ медицинэм и щхьхэр», «Этнографэ ныжьыщІэ», «Нарт джэгуКІэхэр», «Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу лъэпкъхэм я хабзэхэр».

Малкэ кьуажэм дэт етІуанэ курыт еджапІэм и пщІантІэм зэІущІэр кьыщызэІуихащ Дзэлыкъуэ куей администрацэм еджныгъэмкІэ и кІудамэм и унафэщІ Нэгумэ Лейлэ. ИужькІэ абы псалъэ зрита район администрацэм и унафэщІым и кІуэдзэ Дохьэшокъуэ Исмэхьил махэшхуэм кьрихьэлІахэм хьуэхъу псалъэкІэ захуигъэзащ икІи фІыщІэ ин яхуищІащ ди щІэблэм дерс кьызыхихьи мыпхуэдэ зэІущІэ щхьэпэхэр гъэ къэх кьызэрызэрагъэпэщым кьыхэкІыу.

«Іуэрыуатэмрэ этнографиемрэ» я махуэ адыгэ джэгуКІэ кьызэІуахащ. АдэкІэ зэпеуэм хэтхэм, секцэ щхьэхуэурэ гуэшащ, лэжьыгъэм щІадзащ. Япэу кьэпщытакІуэ гупым хэтхэр яІущІащ Дзэлыкъуэ куейм и усакІуэ, тхакІуэ ныбжьыщІэхэм. Кідсс нэхъыщхьэхэм щеджэ ЦЫкІУхэр адыгэбзэкІэ, балъкъэрыбзэкІэ, урысыбзэкІэ кьеджащ кьэралым, лъэпкъым, кьыщыхъуа кьуажэхэм, дыкъэзыухъуреихь дунейм теухуауэ езыхэм ятха усэхэм, хьыбар кІэщІхэм. Этнографием дихьэххэм я псалъэмакъыр гъэщІэгъуэну, щІэщыгъуэу уха хъуат: адыгэ, балъкъэр, урыс унагъуэхэм кьахэкІа ныбжьыщІэхэр зыр адрейм еупщІырт лъэпкъ хабзэхэм теухуауэ. Псалъэм папщІэ, сыт зэщІыкъи ятІупыкъыр? А хабзэр дауэ адыгэхэм я гъащІэм кьыхьыха? Апхуэдэу щІыкІуэхэр тепсэлъыхьащ лъэпкъ щхьэхуэхэм кьежьапІэ яхуэхъуам, «лъэпкъ кьуэпсым» и кьэлыпитэкІэм, лъэпкъ дамыгъэхэм я мыхьэнэм. Адыгэ шхыныгъуэхэр щагъэлъагъуэ секцэм и кьызэгъэщыкІам кьызэхуэсхэм яГъащІэгъуа зы Іуэхугъуэ хэльащ: махуэшхуэр екІуэкІыным иджыри пІалъэ иІэу, куейм и кьуажэ школхэм кьаІэн щащІащІ еджакІуэхэр, тІурыт-щырыщу гуэшащ, пщэфІэным хуэІэкІуэлъакІуэу кьэгъуэгурыкІуэ нанэхэм трагуэщэну. «Ди нэхьыжьхэм я ІуэхущІафэр тхъумэныжьмкІэ, лъэпкъ шхыныгъуэм хэль щэху гьунапкъэнщэм щІэблэр хэгъэгъуэзэныжьмкІэ ар нобэ жьы-лагъуэ псоми кьыщагъэсэфэпын хуей Іуэхущ», - кьыхигъащ Нэгумэ Лейлэ. ЦІыхубэ медицинэм дихьэх цІыкІуэхэми куейм щхьэхуэу щадолажь. Абыхэм пасэ зэманым цІыхУхэм яГъэхьэзыру щыта хущІхьэгъуэхэм я зэхъэлъхьэныгъэ. КьызэгъэпэщакІуэхэм зэрыжаІэмкІэ, куэд дэмыкІыу кьыдагъэкІыну я мурадщ абы теухуа тхылъ щІэхуэу. Утыкум ит Іэнэшхуэм тезу тельщ егугъупэу яГъэгъуа удз тхьэмпэ, пхьащхьэмыщхьэ зэмылІэужьныгъуэхэмрэ абыхэм кьыхащІыкІа хущхьэгъуэхэмрэ. Ахэр зэрызэпхъэлІэну щІыкІэр еджакІуэ цІыкІуэхэм гурыІуэгъуэ кьыпщащІ.

Секцэ лэжьыгъэхэм кьадэкІуэу, школым и етІуанэ кьатым гъэльэгъуэныгъэ щекІуэкІащ. НыбжьыщІэхэм я Іэкіэ яГъэхьэзыра щыгъын, фащэ, хэдыкІ, хьэпшып цІыкІуфэкІу зэмылІэужьныгъуэхэр махуэшхуэм хуагъэхьэзыра лэжьыгъэ псом купщІэ яхуэхьуат.

Кьызэхуэсахэр концерти ирагъэплащ. Уэрэдэмрэ кьафэхэмрэ кьинэмыщІауэ, садым кІуэ цІыкІуэхэм яГъэльэгъуащ уНэщІ тхьэльэІуэм, гущэхэпхэм, гьэрэ щІырэ щызэхэкІым ехьэлІауэ ягъэхьэзыра тепІэгъуэхэр.

«Іуэрыуатэмрэ этнографиемрэ» я махуэр Іыхьитіу гуэшащ екІуэкІащ. Янэ махуэм кьрихьэлІащ школ 31-м щыщу 15-р. КъыкІэлъыкІуэ махуэм адрей 16-м я лЫкІуэхэм зыкьагъэльэгъащ.

ЛЪОСТЭН Муэ.

Сурэтхэр **ЕЛЪКЪЭН Артур** *трихащ.*

● Налог

КъайхъулІахэмрэ зыхунэмысахэмрэ

Республикэм и налог Іуэхущ1апІэм и дежкІэ 2006 гъэр, иужьрей илъэсхэм еплъытмэ, ехъулІэныгъэ нэхъыбэ щызэІэрагъэхьа лъэхъэнэщ. Республикэ бюджетым и хэхъуэ Іыхьэр иужьу щагъэззэщІауэ щытар блэкІа лІэщІыгъуэм и 90 гъэхэм я курт, кьыкІэлъыкІуэ илъэсхэм ар зэрахуэгъэзащІу щытар процент 65 - 70-щ. Нэгъабэ республикэ бюджетым налог и лъэныкъуэкІэ и хэхъуэр процентэ 102,8-кІэ, щыналъэр - 95,8-кІэ ягъэззэщІащ.

БЮДЖЕТХЭМ кьихьэн хуей налогхэр кьыхэхьныжьмкІэ кьалэнхэр зэфІагъэкІащ икІи, абы мыбыджет фондхэри хьыхьэу, процентэ 102,4-кІэ ягъэззэщІащ.

Налогыбу кьаІэрыхьэм хэхъуащ процентэ 145,4-м нэсу. Абы кьыдэкІуэу республикэ бюджетым кьихъуам сом мелуан 1240-рэ дыщІагъуэщ. Икіи хэхъуэр процент 213,1-рэ, щыналъэ бюджетым и хэхъуэр процентэ 153,1-рэ хъущ.

Налог щІыхуэр нэгъабэ сом мелуан 523,4-кІэ, кьыхамыхьыу кьэнар мелуан 473-кІэ нэхъ мащІэ ящІащ, ирагъэкІуэкІа кьэпщытэныгъэхэм ягъэ иткІэ хэхъуэм дыщІагъуэщ сом мелуан 729-рэ, ар процентэ 177,4-рэ мэхъу.

Урысейм и Федерацэм и Іуэхущ1апІэм 2006 гъэм и мэлыжьхьыным кьищІащ Урысейм и ФНС-м и Управленэу субъектхэм щыІэхэм я лэжьыгъэр зыхуэдэр кьызэрыгъэта методикэ. Ар Іыхьи 6-у гуэшащ, бжьыгъэ щхьэхуэу 21-рэ кьэщІагъэбыдэр икІи налог оборотэхэм я лэжьыгъэр зыхуэдэр сыт и лъэныкъуэкІи кьэпщытэныжьмкІэ Іэмал кьует.

УФ-м и ФНС-м 2006 гъэм и ягъэ мазиХ лэжьыгъэр кьызэрипщытам кьрикІуахэмкІэ УФ-м и ФНС-м и Управленэу КъБР-м щыІэм балл 37-м щыщу 22-рэ кьихьащ икІи Урысей Федерацэм и апхуэдэ Іуэхущ1апІэу 83-м я дежкІэ 9-нэ, Ипщэ Федеральнэ округым 2-нэ увыпІэр кьыщахьащ.

Мазибгъу лэжьыгъэр лъэныкъуэ 20-кІэ кьалащытати, УФ-м и ФНС-м и Управленэу КъБР-м щыІэм балл 35-м щыщу 21-рэ кьихьащ икІи Урысей Федерацэм и апхуэдэ Іуэхущ1апІэхэм я деж 14-нэ, Ипщэ федеральнэ округым ягъэ увыпІэхэр щиубыдащ.

Урысей ФНС-м и Управленэхэм 2006 гъэм я лэжьыгъэм кьрикІуахэм зэкІэ ирипльажьакъым. Ауэ, дэ кьихьэрыпытэмкІэ, ипъсым кьрикІуахэмкІэ бжьыгъэхьыну балл 35-м щыщу 25-р кьыпщІэхьэнущ, абы Іэмал къыдитынущ ЮФО-м пашэныгъэр щытхъэмэну, апхуэдэуи Урысейм щынэхъыфІ Іуэхущ1апІи 10-м ди налогэххэр яхэхуэну.

Мыбдежьым кьыщыхэгъэщыпхъэщ налогхэр кьыхэхьныр зэрефІэкІуар а Іэнатіэм пэрытхэм я закъуэ я фІыщІэу зэрыщымытыр. Псом япэу ар кьрикІуащ республикэ экономикэм ижь илъэсым зэхъуэхьныгъэфІхэр зэригъэтам. Ауэ нэхъыщхьэ дыдэу налогхэр кьыхэхьныжьмкІэ зезыгъэзыхьэжащ Кьэбэрдей-Балъкъэрым и Президент Кьанокъуэ Арсен и Іуэху бгъэдыхьэкІэрщ. И къулыкъум щыпІэрыува япэ махуэхэм щыщІэдзауэ абы шэщІауэ кьиргъэуващ налог зымыт предприятэхэр республикэм адэкІэ зэримышэчынур.

Президентым акъыпсэгу дэхъуащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщі Ярин Андрей икІи республикэ бюджетым и хэхъуэхэр кьызэгъэпэщыным яужь ихьащ. КъБР-м и Правительствэм и унафэхэр щигъэхъэзырым, абы кьигъэсэбэпащ налог органхэм, апхуэдэуи КъБР-м и Правительствэм бюджет Іэнатіэм хэхъуэхэр хэзэщІэгъуэныжьмкІэ, финанс, бюджет, налог дисциплинэр зэрыщыгъэувам кІэлъыпІэныжьмкІэ комиссэм кьыхаІэхьахэр.

2006 гъэм налог тыныжьмкІэ нэхъыфІу зыкьэзэгъэльэгъуэ Іуэхущ1апІэхэр:

Іуэхущ1апІэм и цІэр	УнафэщІым и унэцІэр, и цІэр, и адэцІэр
«Кавказкабель» кабель завод» ЗАО-р	Бутерус Рольф Эдвин и къуэр
«Прохладненская дистанция СЦБ» МО СГП-р	Рыков Александр Иван и къуэр
«РЖД» ОАО-м и СКЖД кьудамэр	
«Каскад» ООО-р	Дзш Хьэсэн Іэулэдин и къуэр
«Сэрмакъ спиртдрож комбинат» ЗАО-р	Быф Анатолэ Жэмал и къуэр
«Къэббалъкъэз» ОАО-р	Молэ Арсен Амир и къуэр
УФ-м и Хьуманіэ банкым и АК-р	Урысбий Хьэмидбий Хьэжмурид и къуэр
«Налышык» хьэлвэ завод» ОАО-р	Кьудалы Мухьэмэд Хьэмзэт и къуэр
«АЙ-БИ-СИ» компание» ООО-р	Попович Виктор Иван и къуэр
«Къэббалъкъгидрострой ПМК» ОАО	Къэрмокьуэ Хьэчим Мацэ и къуэр
«Марс» ООО-р	Бигаев Руслан Борис и къуэр

Налогхэр зымытхэр кьыщыхахкІэ ягъэ кьагъэльагъуэр щыкІуэу ятелъымрэ абы кьыхэхъуэр зыхуэдизымрэщ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, апхуэдэ предприятэхэр республикэм щынэхъыбэщ, и чэзум налог зытхэм нэхърэ. Предприятэ нэхъыкІэхэу кьалъытащ:

Іуэхущ1апІэм и цІэр	УнафэщІым и унэцІэр, и цІэр, и адэцІэр
«Бахъсэн гъуэгуэгр зэзыгъэпэщыж-зыужьуэ управленэ» ОАО-р	Щауэ Юрэ Іэхьед и къуэр
«Гидрометаллург» ОАО-р	Синеглазов Сергей Владимир и къуэр
«Бахъсэн МПМК-1» ОАО-р	Бэрбэч Алим Хьэзешэ и къуэр
Гъуэгуэгр къэгъэсэбэпыныжьмкІэ федеральнэ кьэралыгъэ унитарнэ Іуэхущ1апІэ №166-м и кьудамэр	Шыбзыхьуэ Таймир Николай и къуэр
«ЖБИ» завод» ЗАО-р, Май кьалэ	Къэбардэ Аслъэнджэрий Михаил и къуэр
«ЭЛЬФАРМИ» ООО-р	Лазарев Леонид Иван и къуэр
«Крокус» агроуэхуэныгъэ фирмэ» ЗАО-р	Донченкэ Александр Федор и къуэр
«Майскэ гъуэгууэуэ управленэ» ОАО-р	Выскребенец Евгений Владимир и къуэр
КъБР-м Хуэныгъэмрэ псэуПІэ-коммуналнэ хозяйствэмкІэ и министерствэм зыуэ щыт и кьэрал заказчикым и Іуэхущ1апІэр	Ездэч Мухьэмэд Владимир и къуэр
«Дарьял» ОАО-р	Василенкэ Александр Алексей и къуэр
«Пассажир автотранспортым и Налшык зэгуэныгъэ» МУП	Бырмамыт Альберт Хьэмид и къуэр
«Станкозавод» ОАО-р	Мамбэт Анатолэ Хьэбалэ и къуэр
«Телеавтоматикэ» ОАО-р	Дзыгуанэ Сэхьид Алексей и къуэр
«Прохладнэ межхозяйствэ яГъэІэпхъэ механизированнэ колонн №1» ОАО-р	Соболев Николай Иван и къуэр
Блыным ирахьэлІэ пкъыгъуэхэр щащІ Прохладнэ заводыр	Адэмокъуэ Борис Изэт и къуэр
Потребитель зэгуэныгъэхэм я Къэбэрдей-Балъкъэр сойз ООО-р	Сунш Сэфарбий Іэбубэ и къуэр
«Налшык гъуэгуухуэ материалхэр» ОАО-р	Балъкъыз Жыраслъэн Хьэлиб и къуэр
«Къэббалъкъдорремстрой» СПТ ОАО-р	Пунаржи Владимир Виктор и къуэр
«Прохладнэ пассажир автотранспорт предприятэ» МУП-р	

Налог щІыхуэшхуэхэр зытрагъэкІыжьнынымрэ налогхэр зытралъхьэхэр нэхъыбэ щІыныжьмкІэ республикэм кьыщызэрагъэпэщащ бюджет Іэнатіэм хэхъуэхэр хуэзщІэгъэуІуэныжьмкІэ, финанс, бюджет, налог дисциплинэр зэрыщыгъэувам кІэлъыпІэныжьмкІэ комиссэ.

Правительствэм деж зэпымыуэ щыпхьэну а комиссэм и нэІэ тригъэтынущ КъБР-м и бюджет зэщІэгъэуІуам хэхъуэхэр ІэрыхьэныжьмкІэ кьалэнхэр ГъэзэщІа зэрыхъум. Абы налогхэр яхуигъэувынущ Іуэхущ1апІэ ин дыдэхэм, мылъкушхуэ зыбгъэдэлъ фермерхэм. Апхуэдэу кІэлъыпІэныну дэтхэнэ кьаІэми, районми налогхэр кьызэрыщыхьа щІыкІэм.

Мы гъэм и бюджетым хэхъуэхэр кьыІэрыхьэныжьмкІэ планхэр хуэгъэзэщІэнущ Правительствэм, щІыпІэ властхэм, хабзэхьэмэ, кІэлъыпІэкІуэ Іуэхущ1апІэхэм я кьаурр зэщІагъэуІуэу щытмэ.

Урысейм и ФНС-м и Управленэу КъБР-м щыІэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

Іуэху зехьэкІэщІэхэр яубзыху

● Ди псэльэгъуэхэр

«Налшык-ЩІыналъэ АвтоТранс» Іуэхущ1апІэм и кьаІэн нэхъыщхьэхэм ящыщу щІыхуэхэр кьалэ кІуэщІым кьещегъэшэкІ автобусхэм я лэжьыгъэр тэмэму кьызэрригъэпэщыныр. Ар нэхъыфІу зэфІэха хъун папщІэ, а Іэнатіэм и Іэщ1агъэлІхэм щІэ гуэрхэр кьыхалъхъэ, щІыхуэхэр нэхъри арэзы ящІыным хущІэкъуу. Кьалэ щІыхукъешэкІ транспортым и лэжьэкІэм мыгувэу аргуэру зэхъуэжьныгъэ игъуэтынущ. Абы теухуауэ дэ депсэльащ «Налшык-ЩІыналъэ АвтоТрансым» и экономист нэхъыщхьэ Антоновэ Надеждэ.

- Сыт хуэдэ Іуэхущ1эхэр кьыхэфІхъьэну фи мурад мы зэманым?

- «Налшык-ЩІыналъэ АвтоТрансым» зэфІих лэжьыгъэ псори зыхуэунэтІар зыщ: ди автобусхэмкІэ кьэзыкІухь щІыхуэр арэзы щІын. Мыгувэу ди лэжьэкІэм зедгъэхъуэжьныщ. Кьалэм щызекІуэ автобусхэм ахъшэ кьыхэзыхь кондукторхэр зэхэзыхьэжьныкъым - нэхъапэм кьэдгъэсэбэну щыта компостерхэр идгъэувэжьнущ. Абы и лэжьэкІэм щыгъэазэщ нэхъыжьыІуэхэр, щІалэгъуалэм ямыщІэми. АвтобускІэ кьэзыкІухьхэм кьагъэсэбэпыну билетхэр (талонхэр) кьалэм дэт киоск щІыкІуэхэм, тыкуэнхэм, нэгъэущІ щІыпІэхэми куэду щащэнущ. Автобусым уэзритІысхьэу, талоныр компостерым дэпІхьэу пхыбудын хуейуэ аращ.

Апхуэдэ лэжьэкІэм щыщІыхуэкІуэжьыр кондукторхэмкІэ гъуэгупщІэ ахъшэр тэмэму кьыхэхъа хъуркъыми аращ. Кондукторымрэ пассажирымрэ билет щызэІэпамых е пассажирыр автобусым кьыщикІкІэ и билетыр нэгъэущІым щритыж кхоъу. А псори Іуэхущ1апІэм и финанс щытыкІэр ефІэкІуэным сэбэп хуэхъуркъым. Кондукторхэр автобусхэм имысыжьну щхьэкІэ, кьэпщытакІуэхэм (контролёрхэм) я бжьыгъэм фІыуэ хэдгъэхъуэнущ. ПщІэнпэу автобускІэ кьэзыкІухьу кьаубыдхэм тезыр хэхахэр тралъхьэнущ. Ахэр псори хабзэкІэ щІэгъэбыдауэ щытынущ.

- Зи гугъу кьытхуэпщІ зэхъуэкІыныгъэхэм ящхъ иткІэ гъуэгупщІэм хэхъуэну пІэрэ?

- ЗэкІэ абы ехьэлІа бжьгъэхэр зэхудогъакІуэ. Илъэс блэкІам тепщІыхьымэ, автобускІэ кьэзыкІухь щІыху къэс зэ итІысхьэгъуэм сом 14,5-рэ текІуадэу щытащ. Абы щыщу соми 6-р билетыпщІэу пассажиры итащ, адрей кьэнэр кьалэ, республикэ мылъкум кьыхэкІащ. НобэкІэ а тарифым дытетщ, ауэ автобусыпщІэм хэхъуэми, ар соми 8 нэхърэ нэхъыбэ мыхъуну дыщоГугъ.

- Пассажирэм ящыщ куэд мэтхьэусыхэ щыхьэщхьэм тэмэму автобусхэр зэрызэрамыкІуэм щхьэкІэ. Сыт ар кьызыхэкІыр? Абы унафэ щыхьыкІа иІэну?

- Пщыхьэщхьэм сыхьэти 8 нэужьым щІыху къетшэкІын куэду щыІэжькъыми, абы кьыхэкІыу автобусхэр яГъэувыж. ЩІыхуитІ-щы щхьэкІэ жэщым дылэжьэфыркъым, сыту жьыПІэмэ, зы сыхьэт лэжьэн папщІэ зы автобусым псори зэхэту сом мин 17-м нэс текІуэдэн хуей мэхъу. Абы и ныкъуэр кьэрал мылъкум кьыхэкІми, мыдрейр тхуэзхуэмыхьэсу кьулейсыз дохъу. КьинэмыщІауэ, ди лэжьыгъэм зэран кьыхэхъуэ нэгъэущІ лъэпощхьэпо куэди щыІэщ. Ахэр лъэныкъуэ егъэзыныным, ди лэжьыгъэр егъэфІэкІуэным хуэунэтІащ зэфІэкІыу диІэр.

Епсэлъар

БЭЛЭТОКЪУЭ Светэщ.

Экономикэ Кавказ Ишхъэрэ

Политикэ Жылагъуэ Іуэху

МАХУЭКУ

Урысей авиацэр "мэбгъунлъэ"

Ди Хэку авиацэм и Іуэхуэр зыгъэдгъэ гуэрхэр зопсэлъылІэ журналист Юлаев Антонрэ Граждан авиацэм и министрым и къуэдзэу щыта, «Совет Союзым щыІуэхь зиІэ и пилот» щІэлъапІэр зыхуагъэфэща Смирнов Олегрэ.

- Олег Михайловичрэ, зы мазэ и пэкІэ Федерацэмкіэ Советым укъыщыпсалъэри, ди къэралым и авиацэм и щытыкІэр зэрыкъэзыщІыр сэтей къэщІат. Языныкъуэ депутатхэм къафІэщІат къыщІэбгъэльэІуауэ. Ауэ сыт тІъагъур? Ди кхъухьлъатэхэр щІэх-щІэхыуэр мэкъутэ. И гугъуу кьыгъхуэщІыт Самарэ къыщыхъуат.

- Иркутск, Донецк къаІэхэм ипэгъунэгъуу щехуэха кхъухьлъатэхэми хуэдэу, ТУ-134-р зытекІуэдар гурыІуэгуэкІым. Узгум Іуэджэ къыщІохьу: кхъухьлъатэм мафІэ къыщІонэ, и дамэр къыгоуох... Апхуэдэхэм дежь сыт пщІэн? Ауэ ТУ-134-м къыщыщІар акъылым къитІаСэркъым. Пшагъуэ тедгъами, кхъухьлъатэм и приборхэр дахэ-дахэу мылэжьами, аэропортым и диспетчер хэт щыІыгъ авиацэм пыщІа Іэщыгуагъ зиІэкІами, а псори ІэуэУ хъэхъуами, кхъухьлъатэр псэууэ кьыІэтрагъэнэфын хуейщ.

- ЗэрыжьыпІэмкІэ, экипажра къуанщэр?

- Пилотэрщ. Абыхэм я 140-м щІегъу. КъыкІэльыкІуэ ильэсым а бжыгъэр зэрыхъужар ... мелуан 20 къудейщ. ІэщІагъэлІэр куэду щыІэти, аэрэ гъэхъэзырыным къэралыр емыгугъужыхьэ хъуащ. Ауэрэ екІуэкІыуэрэ, я Іалхъуэрэ зэрымащІэм кхыхэкІыу, инструктору куэд дыдэ авиацэм хэкІыжащ.

Илъэс къэс ІэщІагъэлІу 500 хуэдиз къэралым игъэхъэзырын хуейщ. Игъэхъэзырыфыр 200 кьудейщ, Аэрэм сыт хуэдэ? Практикэ гъэжьигъэм фІыуэ щымыІэуаэз защІэщ. Кхъухьлъатэзехуэр и ІэщІагъэм ирилэжьэну хуит пщІы щыхьынур сыхьэти 150-рэ мы нэхъ мащІэ кьиІуэтыхьамэщ. Ди деж зэрыщащІыр мыпхъэдэущ: сыхьэт 60 хуэдизэ фІэкІа уэгум имытахэр пилоту ягъэлажьэ. Совет Союзым игъэса кхъухьлъатэзехуэхэр жьы хъуащ, пенсэм щыІэщ.

Кьымыдэкіэ, кхъухьлъатэхэри мащІэ дыдэ хъуащ. Авиацэ омпаниехэм къащІэхуэ хуей мэхъу хамэ къэралхэм щащІахэр. НэгъуэщІ ныкъуасанигъэхэри куэд мэхъу. Мис аращ Урысей авиацэр щІэх-щІэхыуэр «щІэбгъунлъэр».

ЮЛАЕВ Антон.
«Комсомольская правда».

● Іэщіагъэлым и псалъэ

Іэзэгъым куэдкІэ еІыгъащ кхъухьлъатэм къыщыщІхэр зыхуэдэр. Щэч хэмылъу, зи гугъу тщІы кхъухьлъатэр нэгъуэщІ аэропортым пьэтэн хуэнщ. Ар хуэзфІэмыкІыну щытамэ, зиІэтыжьу, щІэрыщІэу къетІысэхьажьыпхьэт. Ауэ экипажым и командирым зигъэхьеякъым.

-Сыт щхьэкІэ?

- Щым пэгъунэгъущ къызэрыхъуам игъуэгу гу лъитакъым. Ар кхъухьнкІэ Іэмал зимыІэщ.

- Дунейм и щытыкІэрэ мыщІагъэгъуэ щытауэ яІуат.

- Ар щхьэусыгъуэкъым. Борэнчи, жьапщэмэ, пшагъуэми хуэхъэзыру щытын хуейщ экипажкІэ. Сыт хуэдэ къэхъухъгъэми уэрэпэтпэзыщину Іэмалхэр беІджьыпІ ящІауэ щыІэщ. Кхъухьлъатэр зэщІыжыр километрипщІкІэ зыхьзІэта тоннипщэрэ зы сыхьэтым километр 800 зыкІуэщ. Ар, дауи, автобусым хуэдэу, ущыхуэйм деж кхъэбгъэувыІэ хъурхъым. Абы кьыхэкІыу СССР-м дапщэщи гулъытэшхуэ хуищІыт авиацэм пыщІа Іэщыагъэлэжьэ, зи Іуэхум фІыуэ хэзыщІыкІэхэр гъэхъэзырыным. Апхуэдэ ІэщІагъэлІэхэр гьунэжьи щыІэт. 1992 гъэм ди къэралым кхъухьлъатэкІэ щызэкІуахэм я бжыгъэр щыху мелуани 140-м щІегъу. КъыкІэльыкІуэ илъэсым а бжыгъэр зэрыхъужар ... мелуан 20 кьудейщ. ІэщІагъэлІэр куэду щыІэти, аэрэ гъэхъэзырным къэралыр емыгугъужыхьэ хъуащ. Ауэрэ екІуэкІыуэрэ, я Іалхъуэрэ зэрымащІэм кхыхэкІыу, инструктору куэд дыдэ авиацэм хэкІыжащ.

Илъэс къэс ІэщІагъэлІу 500 хуэдиз къэралым игъэхъэзырын хуейщ. Игъэхъэзырыфыр 200 кьудейщ, Аэрэм сыт хуэдэ? Практикэ гъэжьигъэм фІыуэ щымыІэуаэз защІэщ. Кхъухьлъатэзехуэр и ІэщІагъэм ирилэжьэну хуит пщІы щыхьынур сыхьэти 150-рэ мы нэхъ мащІэ кьиІуэтыхьамэщ. Ди деж зэрыщащІыр мыпхъэдэущ: сыхьэт 60 хуэдиз фІэкІа уэгум имытахэр пилоту ягъэлажьэ. Совет Союзым игъэса кхъухьлъатэзехуэхэр жьы хъуащ, пенсэм щыІэщ.

Кьымыдэкіэ, кхъухьлъатэхэри мащІэ дыдэ хъуащ. Авиацэ омпаниехэм къащІэхуэ хуей мэхъу хамэ къэралхэм щащІахэр. НэгъуэщІ ныкъуасанигъэхэри куэд мэхъу. Мис аращ Урысей авиацэр щІэх-щІэхыуэр «щІэбгъунлъэр».

ЮЛАЕВ Антон.
«Комсомольская правда».

- ЗэрыжьаІэмкІэ, шоферхэм я хуитныгъэхэр мы гъэм яхъуэжьнущ. Экзаменхэр тІахыну пІэрэ?

Лавров М., *Ярославль.*

